



RESOUS AK ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO

Obligatwa dapre Lwa sou Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act) an

Si ou se yon rezidan Boston, ou gendwa elijib pou resevwa èd nan men ajans ki annapre yo. Sèten limit nan revni ak lòt kritè elijibilite gendwa aplikab.

Pou èd jiridik, ale sou sit Pwojè Èd Jiridik pou Ka Degèpisman akòz COVID sou evictionlegalhelp.org oswa rele nan 211.

Pou jwenn èd pou rezoud kesyon pwopriyetè/lokate, pa egzanp degèpisman, asistans pou chèche lojman, referans pou sèvis jiridik ak aplikasyon pou èd finansyè, al gade nan: boston.gov/housing-stability oswa rele nan (617) 635-4200.

Pou jwenn èd pou lwaye, peman lwaye ki dwe epi/oswa pou depans pou demenajman, al gade nan:
Fon Sekou pou Lwaye Eta a (State Rental Relief Fund, RAFT)
mass.gov/covid-19-getting-help-with-housing-costs oswa rele nan 211
Fon Sekou pou Lwaye Vil la (City Rental Relief Fund)
boston.gov/rental-relief oubyen rele nan 311

Pou èd jiridik ak pledwaye nan degèpisman yo, kontakte:
Great Boston Legal Services
 (617) 603-1807
Harvard Legal Aid Bureau
 (617) 495-4408
Legal Services Center of Harvard Law School
 617-390-2535

DWA LOKATÈ YO NAN DOSYE DEGÈPISMAN BIWO ESTABILITE LOJMAN AN

Li enpòtan pou w konsilte ak yon avoka bonè, jan sa posib. Antanke lokatè, ou gendwa chwazi, **men ou pa oblije**, demenaje anvan dat degèpisman an ki nan Avi pou Degèpi a. **SE TRIBINAL SÈLMAN KI KAPAB BA W LÒD POU W SOTI LAKAY OU.** Biwo Estabilite Lojman an kapab refere w al jwenn yon avoka epi ofri w lòt resous pou degèpisman Al gade nan boston.gov/eviction-questions pou jwenn plis enfòmasyon.

Gen yon moratwa federal sou degèpisman yo. Ou gendwa kalifye men ou pa bezwen ranpli yon fòm deklarasyon CDC nan boston.gov/eviction-questions.

AVI POU DEGÈPI

Pwopriyetè a bay lokatè a yon Avi Degèpisman (nan pifò ka yo)

- Dire preyavi a pral dpann sou tip lokasyon an. Nan pifò ka yo, se pral 14 oubyen 30 jou oubyen yon delè preyavi lokasyon.

PLENT NAN TRIBINAL LA

Pwopriyetè a bay lokatè a yon Plent pwosedi somè

- Yon ajan epesyal/sheriff dwe remèt Asiyasyon ak Plent yo nan lamèn OUBYEN yo dwe kite dokiman yo nan apatman lokatè a epi voye li nan kourye lapòs 1ye Klas.
- Asiyasyon ak Plent la pral pwobableman endike dat tribinal la, dat repons la, adrès tribinal la ak fason pou jwenn aksè nan odyans ou nan telefòn oubyen telekonferans. **FÈ ATANSYON POU SONJE DAT SA YO.**
- Pifò odyans yo pral fèt sou Zoom. Si w bezwen aksè nan yon konpitè, tanpri rele youn nan resous jiridik ki endike anlè a.
- Lokatè a pral pwobableman gen omwens 2.5 semèn preyavi konsènan dat tribinal la. W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan dat tribinal la nan masscourts.org
- **Pandan odyans ou an, ou kapab gen aksè a yon avoka gratis. OU DWE MANDE POU PALE AVÈK AVOKA SA A.**

DEPOZE YON REPONS AK YON DEMAND POU YON PWOSÈ AK JIRI

Lokatè an gen dwa pou depoze yon Repons ak Demand pou yon Pwosè ak Jiri, epi lòt dokiman yo anvan dat limit la oplita (“Dat Repons la”) nan Plent la

- Lokatè a gendwa depoze plent li nan tribinal epi bay pwopriyetè a (oswa avoka pwopriyetè a) yon Repons ak Demand pou Pwosè ak Jiri anvan Dar Repons la oplita ki endike nan Plent la.
- Repons la eslike nenpòt argiman defans oswa demand rekonvansyonèl lokatè a genyen bay reklamasyon pwopriyetè a pou posesyon, nenpòt lwaye ki dwe ak nenpòt vyolasyon kontra lokasyon an. Demand rekonvansyonèl yo lokatè agen kont pwopriyetè a, tankou move kondisyon oswa move jesyon yon kosyon.
- Nan menm delè sa a, lokatè a gendwa pou depoze epi remèt ofisyèlman demann pou chèche fè yo (demann enfòmasyon nan men pwopriyetè a konsènan dosye a) ak Demann pou yon Pwosè ak Jiri.

Itilize kòd QR lan oubyen al gade nan boston.gov/tenant-notification pou wè dokiman sa a nan lòt lang.

Dokiman sa a se pou bay enfòmasyon sèlman epi se pa yon konsèy jiridik li ye ki soti nan men oswa pou kont Vil Boston.

